

KESYON YO POZE SOUVAN

Repons pou kesyon yo poze souvan:

Q: E si mwen vle chanje plan?

A: Si yo apwouve Medicaid ou, ou ka chanje plan'w pandan premye 120 jou anwolman'w lan. Apre 120 jou yo, ou pral kapab chanje plan ou sèlman pandan peryòd anwolman ouvri ou oswa avèk yon bon rezon ke l'eta deja apwouve. Si Medicaid la anatant, ou pa kapab chanje plan ou jiskaske ou gen full Medicaid. Lè sa ou pral gen 120 jou pou chanje plan yo.

Q: Ki sa Anwolman Ouvri-a ye?

A: Anwolman ouvri a se peryòd 60 jou lè ou ka chanje plan san ou pa bezwen leta apwouve'w. Anwolman ouvri vini chak ane nan dat fèt premye anwolman'w lan nan plan an.

Q: Ki sa peryòd san chanjman an ye?

A: Sa se peryòd nan mitan premye 120 anwolman an avèk peryòd anwolman ouvri a. Peryòd san chanjman egziste tou nan mitan 60 jou anwolman ouvri yo. Tanpri pran referans sou tablo ki anba a. Ou pral resevwa lèt rapèl pou ede sonje dat peryòd sa yo.



Q: Kisa “yon bon rezon” vle di?

A: Sa yo se rezon leta apwouve pou'w chanje plan swen kontwole a pandan peryòd san chanjman an.

Q: Kòman Medicaid Anatant la Travay?

A: Ou te aplike pou Medicaid, men li pa ankò apwouve. Medicaid ki annatant pèmèt sèvis plan yo kòmanse anvan yo detèmine kalifikasyon Medicaid. Si w kalifye, Medicaid ap peye pou sèvis sa yo. Si w pa kalifye, yo ka voye bòdwo bay ou pou'w peye sèvis sa yo.

Q: Eske mwen responsab pou okenn depans?

A: Moun ki enskri yo responsab pou chanm ak manje pandan yo abite nan kominote tankou nan Fasilite ki ede'w nan lavi'w (ALF) oswa kay an gwoup.

Q: Kisa k'ap pase plan mwen an si mwen demenaje oswa mwen chanje adrès?

A: Si adrès ou chanje, ou ka bezwen chwazi yon lòt plan si zòn ou a oubyen rejyon ou a chanje tou.

